MINISTÈRE DES SOLIDARITÉS ET DE LA SANTÉ
Liberté
Égalité
Fraternité

Vaccin COVID-19 SE VACCINER, SE PROTÉGER

Santé publique France

Vaksin yu Covid - Leeral yu am solo

25 màrs 2021

Vaksine wu : mooy àar sa bopp



Vaksin yi di nañu tax, sa yaram jéema xàm Covid ngir mu mën ci àaru.

Vaksin yu Covid yi dañoo baax lool ngir **àaru ci anam form yu garaw yi** bu Covid-19.

Vaksin Covid yi kenn du ci fay dara.

Fan lañu dem ngir vaksine wu ?

Ngir dem ñu waksine leen :

- Ci ab **sàntaru vaksinasiyoŋ**
  0 800 009 110 ww.santé.fr
- Ci seen **doktoor**, ci seen **farmasi** wala ci **barab bi** ngeen di **fàjjoo**
- Ci seen **barabu liggéeyukaay** sudee da ngeen nekk ci barab bu am barab buu fajukaay

Da nga am ay laaj ?
Laajal nit ku xarañ ci wergu-yaram, kuy liggéey ci wàllu ndimbal njaboot, sa meeri

wala ci VACCINATION INFO SERVICE.FR

Ngir vaksine wu :
0 800 009 110
(woote boodul fay)

wala ci Santé.fr

Vaksin yu Covid – Samay Laaj

Sudee sama wergu-yaram demee wul noonu (maanaam dama jabet, kanseer, feebar yu bariwul limuy am) : ndax dina mëna vaksine wu?

Waaw

Sudee sama wergu-yaram demeewul noonu : dama wara dem vaksine wu ndax mën naa ci jëlee ci lu yomb benn anam bu garaw wala buy reyaate ci Covid-19. Vaksin bi dina ma jàppale ngir ma xeew doomu-jangoro bi.

Sudee dama amoon Covid-19 : ndax dama wara dem vaksine wu?

Waaw

Donte am na Covid-19 ba noppi: Dama wara waksine wu. Mën na ko def digante 3 jàpp 6 weer yi topp ci bima bis bima wéree, ak benn dosu vaksin kese (ci palasu benn).

Suñ ma vaksinee: ndax di delluwaat ci dundu bima daan dundu bu njëkk te bañati tàkk mask?

Déet

Donte vaksine nañ ma : dama wara wéy di tàkk mask te wey di jëfandikoo geste barrières yi niñ ko diglee ba ñu waksine askan wi yépp.

Suñ ma vaksinee: ndax di na mëna tukki ci anam bu gëna yomb?



Déet

Donte dañ ma vaksine: dama wara def ab càmbar PCR 72w waxtu laata may tukki, ba kerook ñuy wvaksine askan wi yépp. Test boobu amul fay te mettiwul noonu. Dama wara xoolaat sàrtu réew mu nekk laata may tukki.